दिन—शुक्रवार दिनांक—29.08.2025

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधि— 05 मिनट

---

राज्य सरकार महिला लोकनि के रोजगारक अवसर देबाक लेल एक नव योजना कँे मंजूरी देलक अछि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार कँे अध्यक्षता मे भेल मंत्रिमंडलक बैसक मे मुख्यमंत्री महिला रोजगार योजना कँे स्वीकृति देल गेल। एकर अंतर्गत राज्यक प्रत्येक परिवारक एक महिला कँे अपन पसंदक रोजगार आरंभ करबाक लेल वित्तीय सहायता देल जायत। वित्तीय मददि कँे पहिल किस्त मे चुनल गेल प्रत्येक महिला कँे अपन रोजगार आरंभ करबाक लेल दस हजार टाका देल जायत। इच्छुक महिला सभ सँ आवेदन लेबाक प्रक्रिया शीघ्रहि प्रारंभ कयल जायत। ग्रामीण विकास विभाग एहि योजनाक नोडल एजेंसी होयत। जखनकि, शहरी विकास आ आवास मंत्रालय सेहो आवश्यकता पड़वा पर मददि देत। अगिला मास सँ लाभार्थी महिला सभक बैंक खाता मे राशि पठेबाक प्रक्रिया आरंभ भऽ जायत। अगिला चरण मे रोजगार प्रारंभ करबाक छओ मास बाद एहि कँे मूल्यांकन कयल जायत आ जौँ आवश्यकता पड़त तऽ चुनल गेल लाभार्थी सभ कँे दू लाख टाकाक अतिरिक्त सहायत देल जायत। राज्य मे गाम सँ लऽकऽ शहर धरि महिला सभक उत्पाद कँे बिक्रीक लेल हाट बाजार विकसित कयल जायत।

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सोशल मीडिया पोस्ट पर कहलनि जे एहि योजनाक लागू होयबा सँ नहि मात्र महिला लोकनिक स्थिति मजगूत होयत, अपितु हुनका सभकँे राज्यक भीतर रोजगारक उत्तम अवसर भेटत। ओ कहलनि जे एहि योजना सँ राज्य सँ पलायन रोकबा मे सेहो मददि भेटत।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार दरभंगा मे कांग्रेस नेता राहुल गांधीक मतदाता अधिकार यात्राक दरमियान प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी कँे विरूद्ध अभद्र भाषाक प्रयोगकँे कड़गर निंदा कयलनि अछि। श्री कुमार एक सोशल मीडिया पोस्ट मे कहलनि जे विपक्षक दिस सँ जाहि तरहक अभद्र भाषाक प्रयोग कयल गेल, ओ एकदम अनुचित अछि आ ओ एकर निंदा करैत

छथि। एहि मध्य भाजपा एहि मामिला के लऽकऽ दरभंगा आ पटना मे कतेको ठाम पुलिस मे शिकायत दर्ज करौलक अछि।

———————————————————————————

बारहम पुरूष एशिया कप हॉकी प्रतियोगिता आइ सँ राजगीर मे प्रारंभ भऽ गेल अछि। भारतीय हॉकीक महान खेलाड़ी मेजर ध्यानचन्द के जन्मदिवस ओ राष्ट्रीय खेल दिवस के अवसर पर ई प्रतियोगिता आयोजित कयल गेल अछि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार दूपहर बाद एहि प्रतियोगिताक विधिवत उद्घाटन कयलनि। प्रतियोगिता मे भारतक अतिरिक्त जापान, चीन, कजाकिस्तान, मलेशिया, दक्षिण कोरिया, बांग्लादेश आ चीनी ताइपे भाग लऽ रहल अछि। प्रतियोगिता मे कुल चौबीस मैच खेलायल जायत। फाइनल मोकाबिला सात सितम्बर कऽ होयत। एशिया कप के उद्घाटन मैच मे मलेशिया बांग्लादेश के चारि–एक सँ पराजित कयलक। ओतहि, दोसर मैच मे कोरिया चीनी ताइपे के एकतरफा मोकाबिला मे सात शून्य सँ हरौलक। एम्हर, भारत अपन पहिल मैच मे चीन के चारि–तीन सँ पराजित कयलक। रवि दिन भारतक सामना जापान सँ होयत जखनकि सोमदिन भारत अपन अंतिम पूल मैच कजाकिस्तानक सँग खेलायत।

———————————————————————————

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी पुरूष हॉकी एशिया कप मे भाग लऽ रहल सभ टीम, खेलाड़ी, अधिकारी आ समर्थक सभ कैँ शुभकामना देलनि अछि। एक सोशल मीडिया पोस्ट मे श्री मोदी विश्वास जतौलनि, जे ई टूर्नामेंट रोमांचक आ स्मरण करयवला क्षण सभ सँ भरपूर होयत। ओ बिहारक दिस सँ पुरूष हॉकी एशिया कपक मेजबानी करबा पर प्रसन्नता सेहो जतौलनि। श्री मोदी कहलनि जे हालहि मे बिहार खेला इंडिया यूथ गेम्स, एशिया रग्बी चौंपियनशिप, सेपकटाकरा विश्व कप आ महिला एशियाई चौंपियन्स ट्रॉफी एहेन प्रमुख टूर्नामेंट सभक मेजबानी कयलक अछि। ओ जनौलनि जे ई निरंतर गति, बिहारक बढ़ैत आधारभूत ढांचा, जमीनी स्तरक उत्साह आ विविध खेल विषय सभ मे प्रतिभा सभ के पोषित करबाक प्रतिबद्धता कैँ देखबैत अछि।

———————————————————————————

राष्ट्रीय अन्वेषण अभिकरण, एनआईए मुजफ्फरपुर एके–सैंतालीस राइफल आ गोला–बारूद जब्ती मामिला मे एक प्रमुख आरोपी मंजूर खान उर्फ बाबू भाई के गिरफ्तार कयलक अछि। आरोपी के नागालैंड सँ बिहार मे एके–सैंतालीस राइफल सहित अत्याधुनिक हथियारक तस्करीक साजिश रचवा मे कथित भूमिकाक लेल गिरफ्तार कयल गेल अछि।

---

कटिहारक कदवा थाना पुलिस कोचखाली पुल लऽग वाहन जाँचक दरमियान नओ मवेशीक संग चारि पशु तस्कर के गिरफ्तार कयलक अछि।

---

समाप्त